**Әжинияз атындағы НМПИ ында 2021-2022 оқыў жылы ушын 10.00.12 – «Қарақалпақ әдебияты» қәнигелиги бойынша докторантура (DSc)ға қабыллаў комиссиясы мәжилисиниң**
**№ 1 ПРОТОКОЛЫ**

**Нөкис қаласы**. 10-ноябрь 2021-жыл

**Қатнасқанлар**: *НМПИ Илимий бөлими басшысы А. Алламуратов, комиссия баслығы – ф.и.д. профессор К. Алламбергенов, комиссия ағзасы – ф.и.к. доцент, М. Бекбергенова, хаткер, ф.и.д., доцент. С. Қазақбаев ҳәм талабанлар PhD Қ. Мамбетов, PhD З. Қтайбекова*

**Күн тәртибинде:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты докторантурасына (DSc) 2021-2022-оқыў жылы ушын 10.00.12 – "Қарақалпақ әдебияты" қәнигелиги бойынша өз ҳүжжетлерен тапсырған талабанлар Қабыл Мамбетов ҳәм Зульфия Қтайбековаларды сәўбетлесиў тийкарында докторантура (DSc) ға қабыллаў.

**Билдириў:** НМПИ Илимий бөлими басшысы А. Алламуратов тәрепинен 2021-2022-оқыў жылы ушын 10.00.12 – " Қарақалпақ әдебияты" қәнигелиги бойынша докторантураға (DSc) ҳүжжетлерен тапсырған талабанлар Қабыл Мамбетов ҳәм Зульфия Қтайбековалар менен «Сәўбетлесиў» тийкарында таңлаў өткерилиўин атап өтилди. Бул бойынша таңлаўға бекитилген комиссия ағзаларынан: комиссия баслығы, ф.и.д., профессор К. Алламбергенов, комиссия ағзасы, ф.и.к., доцент М. Бекбергенова ҳәм комиссия хаткер ф.и.д., доцент С. Қазақбаевлар Сәўбетлесиўде қатнасып атырғанлығын мәлим етти. Комиссия ағзаларына илимий-дөретиўшилик қәбилетине ийе, илимли ҳәм ылайықлы талабанды таңлап алатуғынлығына исеним билдирди, комиссия жумысларын табыслы баслаўына рухсат билдирди.

**Шығып сөйледи:** Комиссия баслығы ф.и.д., профессор К. Алламбергенов таңлаўға қатнасып атырған талабанларға өткерилетуғын сәўбетлесиў қағыйдалары ҳәм тәртиплери ҳаққында мағлыўмат берди ҳәм қатнасыўшыларға ислеринде әўметлер тиледи. Соңынан профессор К. Алламбергенов Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде актуал есапланатуғын төмендеги тематикалық мәселелер ҳәм илимий машқалалар бойынша сәўбетлесиўди усыныс етти:

1. Қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм әдебияттаныўы илминиң бүгинги күндеги мақсет ҳәм ўазыйпалары, әҳмийети ҳәм жәмийетте тутқан орнын белгилеў;
2. Қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм әдебияттаныўы илиминде қолланылатуғын методлар ҳәм методологиялық мәселелер;
3. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм әдебияттаныўы илиминдеги актуал машқалалар;

4. Өзлери таңлаған илимий жумысы темасының актуаллығы, машқалалары ҳәм Қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм әдебияттаныўы илиминдеги әҳмийети;
5. Тоталитар дүзим дәўиринде Қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм әдебияттаныўы илимине болған мүнәсебетлер;
6. Еркин тема: бунда талабанлар Қарақалпақ әдебияты тарийхы ҳәм әдебияттаныўы илиминдеги өзлерин қызықтырып келген бир илимий мәселеге әдебиятшы алым сыпатында өз жеке илимий көз-қарасларын билдириўи керек болады.

Талабанларға таярланыў ушын 20 минут ўақыт берилди. Соңынан комиссия баслығы ф.и.д., профессор К. Алламбергенов, комиссия ағзасы ф.и.к., доцент М. Бекбергенова тәрепинен талабанлар Қабыл Мамбетов ҳәм Зульфия Қтайбековалар менең жеке түрде сәўбетлесиўлер алып барылды, қосымша саўаллар берилди ҳәм жуўаплар алынды. Буннан соң комиссия қурамы өзлериниң жуўмақлаўшы пикирлерин бирдирди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша Билдириў ҳәм шығып сөйлеўлерден соң комиссия қурамы

**Қарар етеди:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты докторантурасына (DSc) 2021-2022-оқыў жылы ушын 10.00.12 – "Қарақалпақ әдебияты" қәнигелиги бойынша өз ҳүжжетлерен тапсырған талабан Мамбетов Қабыл Пирниязовичтиң сәўбетлесиў барысында өзиниң теориялық илиминиң ҳәм илимий-дөретиўшилик қәбилетиниң жоқарылығын көрсеткенлиги атап өтилсин;
2. НМПИ Илимий бөлимнен талабан сәўбетлесиўди өткерген комиссия қурамы тәрепинен талабан Мамбетов Қабыл Пирниязовичти 10.00.12 – "Қарақалпақ әдебияты" қәнигелиги бойынша докторантураға (DSc) қабылаў усыныс етилсин;
3. НМПИ Илимий бөлиминен бул усыныстың орынланыўы бойынша қарар қабыл етиўи соралсын.

**Комиссия баслығы:** **Ф.и.д., профессор К. Алламбергенов**

**Хаткер:** **Ф.и.д., доцент С. Қазақбаев**

NMPI
qol tańbasin tastyiqlayman
K.B. inspektor